## Gr 01- Q1 - Theme 1: Nou Retounen Lekòl & Nou Tout Ansanm Kounye a

**Weeks 1 & 2- Rhyme ( to the tune of "Il etait un petit navire")**

**<u>Anplwaye Lekòl Mwen</u>**

**Nan lekòl mwen**

**Gen direktè a**

**Gen sekretè**

**Gen mèt lekòl yo**

**Gen kizinyè**

**Epi genyen gadyen**

**Kanta pou èd**

**O nou pa manke sa**

**O wi o wi**

**O wi bòn nouvèl**

**Nan lekòl mwen an**

**Gen anpil Anplwaye**

**Week 3 – Theme 1: Rhyme " Plis Nou Rete Ansanm (The More We Get together tune)**

### Plis Nou Rete Ansanm

**Plis nou rete ansanm, ret ansanm, ret ansanm**

**Plis nou rete ansanm, plis nou va kontan.**

**Paske zanmi w, se zanmi m,**

**E zanmi m, se zanmi w.**

**Plis nou rete ansanm, plis nou va kontan.**

**Gr01-Q1- Theme 1- Week 5: Nou Tout Ansanm Kounye a**

**Tit Istwa a: Big Pig / Gwo Kochon translation by Yolande Pierre (make copy of story for children)**

**Gwo Kochon**

**Nann ak Tim ale nan yon fèm.**

**Kilès ki ka jwenn Gwo Kochon an?**

**Nann Kapab. Eske Tim kapab?**

**Gwo Kochon an kouri a l jwenn Nann.**

**"Chita Gwo Kochon" Nann di, men yon gwo fig manje!"**

**Eske yon chapo ka bon pou Gwo Kochon an?**

**Yo mezire chapo an nan tèt li.**

**Chapo a bon pou li.**

**Konpreyansyon (oral assessment)**

1. Ki tit istwa a?
2. Ki pésonaj ki nan istwa a?
3. Ki kote istwa a pase?
4. Konbyen keksyon ki gen nan istwa a?(have the children repeating the questions after you, introduce question mark)
5. Kimoun kite zanmi Gwo Kochon?
6. Kisa Nann bay Gwo Kochon?
7. Kijan ou kwè Gwo Kochon santi l lè chapo an bon pou li?
8. Nou mezire chapo nan tèt, ki kote nou ka mezire soulye?
9. Kilòt bèt ou ka wè nan yon fèm?

**<u>Written Assessment</u>: (men kèk lide, Teachers's choice)   Gwo Kochon (paj 2)**

a) **Desine pèsonaj yo epi ekri non yo**

b) **Desine yon bagay ki pase nan istwa a, epi ekri yon timo anba foto a.**

c) **Desine premye, oswa dènye bagay ki pase nan istwa a.**

d) **Desine pati ou pi renmen nan istwa a, epi ekri yon timo pou di sa li ye.**

e) **Desine pati ou pa renmen nan istwa,  epi ekri yon timo pou di sa li ye.**

f) **Desine kèk lòt bèt ou ka jwenn nan yon fèm, epi ekri yon timo pou di sa yo ye.**

Gr01-Q1- Theme 2-: Sipriz, Week 8

**Non: ________________________ Dat: ________________**

**Tit Istwa a: Bèt kay Mwen (Liv 1.2.2) Otè: Katherine James**

**Ann Reli istwa Bèt kay Mwen, epi reponn keksyon anba yo.**

**Paj 3 - Bèt kay mwen an ka wè machin nan.**

**Paj 4 - Bèt kay mwen an ka wè venn nan.**

**Paj 5 - Bèt kay mwen an ka wè veterinè a.**

**Paj 6 - Bèt kay mwen an ka wè veterinè a.**

**Paj 7 - Bèt kay mwen an ka wè pisin nan.**

**Paj 8 - Bèt kay mwen an mouye.**

**Ann Reponn Keksyon yo.**

**1. Ki bèt, bèt kay la ye? a) yon chat b) yon chen**

**2. Ki premye bagay bèt kay la wè? Yon _______________________**

**3. Ki dènye bagay bèt kay la ka wè? Yon ______________________**

**4. Konbyen bèt kay nou wè nan klinik veterine a? _____________**

**5. Kouman chen an fè mouye?**

**A) li tonbe nan pisin nan b) Li benyen**

**Gr01-Q1- Theme 2: Sipriz- Week 8**

## Rhyme/chant(Opposites): (Hokey-Pokey tune)

**Mwen mete men m anndan**

**Mwen mete men m deyò**

**Epi m vire trè vit**

**Mwen vire m, vire m, vire**

**Tankou yon ti maryonèt**

**Hokey –pokey Hey!**

**2. Mwen mete men m anba**

**Mwen mete men m anwo**

**Epi m sekwe l trè fò**

**Mwen vire m, vire m, vire**

**Tankou yon ti maryonèt**

**Hokey –pokey Hey!**

**3. Mwen glise pye m adwat**

**Mwen glise pye m agoch**

**Epi m sote byen wo**

**Mwen vire m, vire m, vire**

**Tankou yon ti maryonèt**

**Hokey –pokey Hey!**

**Gramè**: Kontrè/Opposites- **Not pou pwofesè**: Ou kapab sèvi ak mo yo plizyè fason.

**1. Ann aprann Mo kontrè:** Mo kontrè se mo opoze. Chache mo ki opoze yo epi kolore mo sa yo menm koule.

**Jwèt Bingo**: Kole papye ya sou yon katon di. Fè plizyè kopi pou yon group de 6. Dekoupe youn an ti kare. Sèvi ak ti kare yo pou rele mo yo.

**Jwèt Parèy(matching)**: Fè foto kat mo yo, epi foto desen yo. Kole yo sou yon katon epi koupe yo. Mete to nan yon sache plastik. Pandan aktivite endepandan elèv yo ka fè aktivite a pou kont yo oswa ak yon zanmi.

| | | | |
|---|---|---|---|
| Anvan | devan | anndan | lajounen |
| Piti | mesye | apre | ansanm |
| Fi | vini | long | soti |
| Dèyè | gwo | Poutèt w | deyò |
| Lannwit | ale | madanm | Gason |
| Manman | antre | papa | kout |



























**G01-Q1- Theme 2: Sipriz -week 9**

Rhyme/chant: **Jou nan Semèn Nan**

Lendi ma l lekò l

Madi ma l lekò l

Mekrèdi ma l lekò l

Jedi ma l lekò l

Vandredi ma l lekò l

Samdi m lave cheve m

Dimanch mwen repoze.

Samdi m lave cheve m

Dimanch mwen repoze

**Gr01-Q1 Theme 3: Ann Gade Alantou Nou -Week 10**

**Tit: Istwa a: Sezon Yo** **Otè: Heidi Daniels**

**Non: ______________________________ Dat: __________________**

**1. Ekri non sezon yon an lòd: Ivè, Ete, Prentan, Otòn**

**______________________, ____________________________,**

**______________________, ____________________________**

**2. Nan ki sezon li fè anpil lapli?**

**a) prentan** **b) ivè**

**3. Kisa ki tonbe nan ivè? A) nèj** **b) lapli**

**4. Sak pase fèy yon an otòn?**

**a) fèy yo chanje koulè** **b) fèy yo vèt**

**5. Fè foto w nan bwat la, montre ki rad ou ka mete pandan ete. Epi ekri yon fraz pou dekri foto a.**

**Gr1-Q1- Themes 1-3, Egzamen Premye Trimès**

Non:______________________Dat:_______________________________

**Premye Pati: Konesans Alfabè ya**,

a) Konesans Kèk Lèt Majiskil ak Son

| | | | |
|---|---|---|---|
| AN | CH | B | K |
| E | O | R | V |
| J | A | M | EN |
| X | P | S | Y |
| T | D | OU | F |
| N | W | G | Z |
| L | I | | __________ |

26

**an) Konesans Kèk Lèt Miniskil ak Son Kreyòl**

| | | | |
|---|---|---|---|
| e | a | o | ch |
| an | n | on | b |
| g | v | i | z |
| p | r | j | x |
| d | y | w | l |
| s | k | t | en |
| f | m | è | ò |
| ui | ya | wi | |

________

31

**Dezyèm Pati: Fonèm ak Son**

**1.** Mwen gen mo **son**, si m retire **s**, mwen ranplase l ak **b,** ki mo li ban mwen.

Si mwen retire **b** mwen ranplase l ak **t,** ki mo mwen genyen.

Si mwen ranplase **t**, mwen ranplase l ak **k** ki mo m genyen.

**2**. Mwen gen mo **tou**, si mwen retire **t**, mwen ranplase l ak **b,** ki mo li ban mwen.

Si mwen retire **b,** mwen ranplase l ak **l,** ki mo mwen genyen.

Si mwen retire **l**, mwen ranplase l ak **k** ki mo m genyen.

**3**. Mwen gen mo **la**, si mwen retire **l** mwen ranplase l ak **s,** ki mo li ban mwen.

Si mwen retire **s,** mwen ranplase l ak **m,** ki mo mwen genyen.

Si mwen retire **m**, mwen ranplase l ak **k** ki mo m genyen.

Si mwen retire **k**, m ranplase l ak **j,** ki mo mwen genyen

**Twazyèm Pati: Konesans Mo senp ak Mo de (2) Silab**

Mo Senp

| | | | |
|---|---|---|---|
| Al | wè | yon | cho |
| flè | sa | li | bay |
| Uit | youn | sè | fab |
| Nat | bèl | blag | mwen |
| Nich | jwe | la | tab |

__________

20

Non Profese a: ___________________________ Dat: _____________

Rezilta Egzamen Premye Trimès Yo

| NON ELEV YO | Alfabè/<br>Majiskil<br><br>___/26 | Miniskil/<br>Son<br><br>___/31 | Fonèm/<br>Ranplase/<br>Ajoute<br>____/10 | Lekti<br>Mo senp<br><br>__/20 |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |

| | | | | |
|---|---|---|---|---|
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |
| | | | | |